КІуэкІуэ Юрий яхуэгуэзвщ ТУ-154 кхъухьлъатэр къыщехуэхам хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ. А кхъухьлъатэм цІыху 92-рэ исащ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я цІыкІэ, си щхьэкІэ сэ къызбгъэдэкІыу сахуогузавэ тенджыз ФІыцІэм нобэ хэхуа кхъухьлъатэм исахэм я унагъуэхэм. Ар икъукІэ гуэзвэгъуэшхуэщ. Республикэр хьэзырщ абы пыщІауэ дэІепыкъуэгъу хуэныкъуэхэм защІигъэкъуэну. ШІэн къытесхьэркъым апхуэдэ гуэзвэгъуэ къыщІэкъуар зэман гъунэгъум къыриубыдзэ зэрызэхагъэхьыну», - щитхащ КъБР-м и Іэтащхьэм инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым.

Аргуэру зэ дигу къэдгъэкІыжынщ Урысейм ЗыхуэмэхьныгъэмкІэ и министерствэм и кхъухьлъатэр Сирием щыІэ Хмеймим авиабазэм кІуэну Адлер и аэропортым зэрытелъэтыкІар. Абы ист дзэ къулыкъущІэхэр, Александровым и цІэр зезыхьэ ансамблым и артистхэр, ЯпэкІэ каналым, НТВ-м, «Звезда» телеканалхэм я лэжьакІуэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Адыгское слово

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№248 (23.406) ● 2016 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 27, гъуэбж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Абы дегъэпІейтей

Къапэщылъ къалэнхэр куэд дыдэ мэхъу

Террорым пэщІэтыныкмкІэ комиссэмрэ КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабымрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІа зэІущІэм и пэщІэдзэм, КъБР-м и Іэтащхьэм къыхилъхьэри, къызэхуэсахэр яхуэщыгъуащ тенджыз ФІыцІэм хэхуа кхъухьлъатэм исахэм. Псори зэрыщыгъуаззщи, Ту-154 кхъухьлъатэр къызэрехуэхам кІыхьэкІыу Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 26-р пъэпкъым и щыгъуэ махуэу игъэуващ.

ЗэІущІэм хэтащ Урысейм Террорым пэщІэтынымкІэ и лъэпкъ комитетым и аппаратым и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Качалин М. В., КъБР-м къеГъэщІыпІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников В. А., КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б., КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А. Ті., хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм я унафэщІхэр, муниципальнэ щІынальэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэр къыщызэІуихыжа КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхукІащ Террорым пэщІэтынымкІэ КъБР-м щыІэ комиссэр Урысей Федерацэм и Президентым къигъэувахэм, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я хабзэ мардэхэм, Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и чэнджэщхэр, апхуэдэу яубзыхуа планым тету мы гъэм зэрылэжьар.

Гулъытэ хэха хуащІащ экстремизмэм, терроризмэм я къежьапІэхэр убзыхуным икІи ахэр къызэпыудыным, щІэнхъаджагъэхэр къызыхкІ щхьэусыгъуэхэр къызэнэкІыным. Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и унафэщІ Бортников Александр иджыблагъэ къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ террорист гупхэм я Іэтащхьэхэр къанэ щымыІэу зэрауклар.

Апхуэдэу щыт пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджыри я плъапІэщ экстремистхэм, абыхэм дунейпсо терроризмэм пыщІа гупхэри яхэту. Абы къыхэкІыу дяпэкІи Іэмал имыІэу пащэн хуейщ алъандзэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм. Экспертхэр, �ІэщІагъэлІхэр, дин лэжьакІуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къыхэшапхъэщ апхуэдэ лэжьыгъэр щІэгъэхузбжьэным, экстремистхэр щІэпхъаджакІуэхэр ялэжьыным хунэмыгъэсыным, щІалэгъуалэр бандэ гупхэм щыдакъэх къэмыгъэхъуным.

Террорым пэщІэтынымкІэ комиссэм и нэІэ зэпымыууэ тригъэтащ псэуныгъэр зэлъытА Іуэхущ Іанэхэм, цІыху куэд щызэхыхьэ щІыпІэхэр террористхэм зэращыхъумар егъэфІэкІуэныр. 2016 гъэм пащащ «Шынагъуэншагъэ здащІыІэ къалэ» аппарат-программэ комплексыр зэтеГъуэгъанэхьэ зэлъытА Іуэхущ Іанэхэм. Иджыпсту абы хохьэ иджырей видеосистемэкІэ, зыхуеину сервер Іэмэпсымэкіэ къызэрэпэща центрыр, щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылажьэ видеокамерзу 620-рэ, гъуэгум зэрыщыізекІуэ хабзэкэр къызэпызыдухэм сурэтхэр ятесых автомат комплексу 106-рэ, цІыхухэм пІащІэгъуэкІэ полицэм зэрызэпащІэ комплексу 18.

Экстремизмэм и идеологием пэщІэтыныр

2016 гъэм аргуэру Іэху пыухыкІауэ куэд ирагъэкІуэкІащ экстремизмэм и идеологием нэхъри нэхъ тэмэму зэрыпэщІэтыным хузгъэзауэ. Радикальнэ гупхэм я псалъэмакъэм нэхъ дахьэхынкІэ хъуну къалъытэхэр ягъэбелджылащ. Апхуэдэхэм ирагъэбыдыпІащ нэхъ пщІэшхуэ зиІэ цІыхуэхэр, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ советхэм я депутатхэр. Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пыщІауэ щытахэм ящыщу щІегъуэжахэр гъащІэм хэгъэзэгъэжьынымкІэ комиссэр къагъэщІэрэщІэжащ икІи абы и лэжьыгъэр яубзыхуащ. Мы гъэм къриубыдзу а комиссэм къыІэрыхьащ гъуэгу пхэнжьым теуваУэ щыта цІыху 18-м къабгъэдэкІа лъэІухэр. Абыхэм хэпльэри, комиссэм суд органхэм захуигъэзащ зыхуэфащэу къилъытэхэм нэхъ щабэу ябгъэдыхьэну елъэІуу. Абыхэм ябгъ иткІэ цІыхуитІым тралъхьа тезырхэр тутнакъэщІым имысу япшынынущ, нэгуэщІ цІыхуитым лъэхуэущІым исыну тралъхьа илъэс бжьыгэр хуагъэмэщІащ.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм ящІыгъуу комиссэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкІуэкІ Сирием щыІэ террорист гупхэм яхьихьахэр къэшэжьынымкІэ абыхэм я Іыхьлыхэр щІэгъэкъуэн къэщІынымкІэ теуухуауэ. Абы къыдэкІуэу зыхуэфащэ Іуэхуэр зэфІагъэкІ дунейпсо террорист гупхэм яхэту Сирием щызауэхэр Урысей Федерацэм и щІыналъэм къимыГъэхьэжьынымкІэ зэрызауэ.

Дызэрыт илъэсым къриубыдзу зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІыщІэкІэ республикэм икІахэм я ящыщ зы Сирием кърашыжащ. А щІыпІэм кІуэну гъуэгу теувахэм ящыщ зым Тыркум къыщІигъэзэжащ. Апхуэдэу Тыркум къикІыжри къэкІуэжащ дунейпсо террорист гупхэм ящыщ зым хэтым и щхьэгъусэр.

Зи гугъу тщІы лэжьыгъэр нэхъ тэмэму къыщыізэпэщащ Бахъсэн, Аруан муниципальнэ районхэм, Бахъсэн къалэ округым. А щІынальэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр езыхэр я щхьэкІэ цІыхухэм яхуозэ икІи терроризмэм щІалэгъуалэр демыгъэхьэхыным теухуауэ йопсалъэ.

Терроризмэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэр зэралажьам къыхэкІыу ягъэІыгъуэ щытахэр дяпэкІи щымыкъуэн хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэри щІагъэхуэбжьащ.

Тутнакъэщхэм къикІыжахэм ящыщу цІыху 12-м лэжьапІэ Іэнатіэхэм увыныкІэ мы гъэм ядэІэпыкъуащ. Апхуэдэ Іуэхуэхэр хабзэхъумэ органхэм быдзу япыщІауэ ирагъэкІуэкІ.

А псоми кьадзкІуэу, къэпсалъэгуэгъэхъэщ терроризмэм и идеологиемэ пэщІэтыным хуэунэтІа лэжьгъэхэм я системэ нэгъэса зэкІэ иджыри зэрызэтемыувар.

Дунейпсо террорист гупхэм цІыхуэхэр къыдахьэхьи папщІэ хуабжьу лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ икІи абы папщІэ интернетри кьагъэсбэп. Абы къыхэкІыу республикэм и къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, федеральнэ ведомствэхэм, къэрал Іуэхущ Іанэхэм, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іанэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, КъБР-м и Мусульмэнхэм я дин Іуэхущ Іанэхэм я зэфІэкІхэр зэгъэуІуным икІи убзыхуным хуэгъэзауэ. Терроризм пэщІэтыныкІэ КъБР-м и комиссэм иІэ мыхьэнэр нэхъри къэІэтыпхъэщ.

Терроризм пэщІэтыныкІэ муниципальнэ комиссэхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэн

Террорым пэщІэтыныкІэ муниципальнэ комиссэхэм я лэжьыгъэр 2016 гъэм нэрылъагъуу къызэщІэрыуащ. Апхуэдэу щыт пэтми, ныкъусаныгъэу, хэхуэу гу зылъытапхъэу щыІэхэри мащІэкъым.

Терроризмэм ебэныным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэмкІэ, терроризмэм и идеологием пэщІэтыныкІэ муниципальнэ программэ псоми я зэхуэдэ ныкъусаныгъэщ яубзыхуа Іуэхуэхэр щызэфІагъэкІын хуей пІалъэхэр къыззрамыгъэлъагъуэр. Апхуэдэу Іуэху щхьэхуэхэр зэрыдагъэкІыну щыкІэр муниципалитет пыухыкІам щыІэ Іэмалхэм егъэззгъакъым.

ШІэрэдж, Май муниципальнэ районхэм, Бахъсэн, Прохладнэ, Налшык къалэ округхэм мы лэжьыгъэхэр гъэззщІэным щыхухаха ахъшэр икъукІэ мащІэщ, а щІыпІэхэм щыІэ оперативнэ щытыкІэм епльытмэ. Яэныкъуэ районхэм террорым пэщІэтынымкІэ я муниципальнэ комиссэхэм я зэІущІэхэр пІалъэ пыухыкІахэм тету ирагъэкІуэкІырхьым, ахэр интернетым тэмэму кІэлъыплъырхьым икІи зэрыхуэфащэм хуэдэу социальнэ сетхэм щылажьэркъым.

ЩІэпхъаджагъэхэм япэщІэувэным хуэхьэзыру щытын

Къуэкіыпіэ Гъунэгъум, Украинэм, дунейм и нэгъуэщІ щІыналъэ щхьэхуэхэм щыІэ щытыкІэр нобэми къызэрымыГІасхьэм къыхэкІыу, ІэщагъэлІхэм къызэраІыгъэмкІэ, терроризмэм и щыналъэм хэхъуэрэ екІуэкІынущ. Абы и щыхьэтщ иджы дыдэ къэхъуа гуэзвэгъуэхэр - Урысей Федерацэм и лЫкІуэ Карлов Андрей Анкара зэрыщащклар, Берлин террористхэм щызэхащІыхьар.

Апхуэдэ зэманым терроризмэм и сыть хуэдэ шынагъуэми тэмэму пэщІэувэным псори хуэхьэзыру щытын хуейщ. Мыбдеж къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ Іэпхъуэшапхъуэ гупхэм зэракІэлъыплъыр гъэткІиныр, дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм хэтхэм цІыхуэхр къыдэхьэхыным теухуауэ ирагъэкІуэкІ Іуэхуэхр къызэпыудыныр, бандэ гупхэм зыхуеину ресурсхэмрэ ахъшэмрэ зэраІэрыхьэ хэкІыпІэкэ къызэпыудыныр.

КъБР-м Терроризм пэщІэтынымкІэ и комиссэмрэ республикэм щыІэ Оперативнэ штабымрэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм къриКІуэхэм ятеуХуа доклад ищІащ Качалин Михаил.

КІуэкІуэ Ю. А. Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и лЫкІуэм фІыщІэ хуищІащ республикэм щыІэ щытыкІэр нэрылъагъуу зэрефІэкІуэм къыхэкІыу: «Докладым къыщыгъэлъэгъуа ныкъусаныгъэхэр нэгъэсауэ пэжщ. Ахэр къызэнэкІыным 2017 гъэм деложьынущ».

ЕТІуанэ Іуэху щытащ илъэсыщІэ гуфІэгъуэхэр щрагъэкІуэкІ зэманым жылагъуэ хабзэр хъумэнымрэ щІэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным.

КъБР-м щыІэ МВД-м, Лъэпкъ гвардием и Управленэу КъБР-м щыІэм, Тезырхэр егъэпшынынымкІэ Урысей Федерацэм и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэр КъБР-м щыІэм я унафэщІхэм къапсэлъахэм едаІуэри, КъБР-м и Іэтащхьэм хэхуэу къигъэзыгъуащ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм екъэІуэу сытым дежь щІэнхъаджащІэхэм япэ зигъэхуэн зэрыхуейр: «Абы хеубыдэ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я щІэпхъаджагъэхэр къызэпыудынри, фадэ нэпцІхэр, щхъуэ зыхэлъхэр зезыгъакІуэхэр къыщІэгъэщынри. Апхуэдэу зыхуэфащэ инфраструктурэ къаІэрыхьамэ, ар нэгъэсауэ икІи зэпкърыхауэ зэхэгъэкІын хуейкІ». Апхуэдэу республикэм и Унафэщ Іым жиІащ пиротехникэ Іэмэпсымэхэр зэращІ щІыкІэр гъэтэмэмыхъэу, газ Іэмэпсымэхэм я щытыкІэр зэдыщІэкІыну республикэм къыщыпщытэн хуейуэ къызэрыльытэр. «Дэ ди деж зыри къыщыдгъанэ зъунукъым республикэм исхэм я гуфІэгъуэр къызэпызыудын Іуэхуэхэр къэдмыгъэхьэн папщІэ», - жиІащ КІуэкІуэ Ю. А.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

АбыкІэ дэ псоми жэуап дохь

КІуэкІуэ Ю. А. Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щІыналъэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ

КІуэкІуэ Ю. А. ирагъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щІыналъэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ. Абы 2016 гъэм социально-экономикэ Іэнатіэм и зыужьыныгъэм щытепсэлъыхьащ икІи дяпэкІэ зэлэжьын хуей Іуэхуэхр щаубзыхуащ. Зэпкърыхауэ зыхэплъахэм ящыщщ лэжьапщІэр, социальнэ ахъшэхэр и зэманым тыныр, щІыналъэхэр зэІузэпэщ щІыныр, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхущ Іанэхэр зэблэу къыхэмыкІыу гъэпсыкъэныр, нэгъэущІхэри. «Къэдух илъэсыр сыт и лъэныкъуэкІи къызэрымыкІуэу щытащ. Ауэ, нэхъыщхьэращи, сыт хуэдэ гугъуехьхэр щымыІами, Іэнатіэхэр зэпІэзэрыту къызэтенащ, зыхуэдгъэувыжауэ щыта къалэнхэри дгъэззщІащ», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

Илъэсыщ Іи и пэ къыхуэзэманым щІыху куэд щызэхуэс щІыпІэхэм щыІэ щытыкІэм нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъыну, сабийхэм я илъэсыщІэ зэхыхьэкІэ тэмэму ирагъэкІуэкІыну, ящэ ерыскъыпхъэхэм я фІагъым гулъытэ хуащІыну къагъэуэващ. Щхьэхуэу и гугъу ящІащ Хэку зауэшхуэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм ядэІэпыкъуным. «Властым и Іэнатіэ псоми я къалэн нэхъыщхьэр щІыхуэм яхуэлэжьэнырщ. АбыкІэ дэ псоми жэуап дохь», - и псалъэр щиухым жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

Дыгъэгъазэм и 24-м Налшык къалэ щекІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий зыхэта Іуэхугъуэ зыбжанэ. Абы къуажэ школхэм я еджакІуэхэр къызэрырашэкІын машинэ 23-м я Іункіыбзэхэр еджапІэхэм я унафэщІхэм яритащ. Белгород университетым Налшык щыІэ къудамэмрэ Гуманитарнэ академиемрэ къыщызэІуаха спорт пэшхэм. Темыркъан Хьэту и цІэр зэрихьау КъБКъУ-м къыщызэрагъэпэща щэнхабзэмкІэ Іуэхущ Іанэм еблэгъащ.

КІУЭКІУЭ Юрий:

«Сабийхэр псом япэщ»



ПСОМ япэщ КІуэкІуэм зригъэлъэгъуащ республикэм и къуажэ пхыдзахэм сабийхэр еджапІэм ирырашэлІэну къащэжа, щынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкІэ нэхъ зэгъэпэща «Ford», «NEXT» ГАЗель автобусхэр.

- Къэралыр гугъуехь куэдым пэщІэтми, сабийхэр зыхуей хуэгъэззэнкІ япэ идогъэщ. Школым пэжыжьэу псэу е зи узынщагъэм сэкъат иІэ еджакІуэ цІыкІуэхр тыншу, узынщэу и чэзум еджапІэм нэщэсыным Іуэхуэхэр ящигъэспынщІэнущ. Мы машинэхэм хууэсакъыу зепхьэмэ, ильэсипщІкІэ пхуэгъэлэжьэнущ. Си гугъэщ ар зыхэфщІыкІыну, - жиІащ КІуэкІуэм машинэхэм я Іункіыбзэхэр щаритым.

Абы къыхигъэщащ сабий ныкъуэдыкъуэхэм папщІэ щІ автобусхэм хуэдэ дяпэкІэ къащэжнум къыхагъэхьэн зэрыхуейр.

КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев Сэлътан** зэрыжиІамкІэ, гъатхэ дызыхуэкІуэм иджыри апхуэдэ автобус 50 къуажэ школхэм иратынущ.

Мы Іуэху гуапэр зэфІэкІри, республикэм и Іэтащхьэр Толстоймрэ Кулиевымрэ я цІэр зезыхьэ уэрамхэм боксёр ныбжьыщІэхэм папщІэ къыщыізэІуаха спорт пэшхэм ептыну кІуаш.

Фигу къэдгъэкІыжынщ: дыгъэгъазэм и 8-м сабий спорт Іуэхущ Іанэхэр щыщІипльыкІым, КІуэкІуэ Юрий я пэшхэм я щытыкІэмкІэ мыарэзыуэ, унафэ яхуищІат дыгъэгъазэм и 25 пщІондэ ахэр къанэ щымыІэу зыхуей хуагъэззну. Унафэр зэрагъэззщІам и щыхьэту, ахэр ІэмэпсымэщІхэмкІэ зэщІэуэздащ, гъэсакІуэхэм я пэшхэр щхьэхуэщ, сабийхэм зыщащхуапэ, зыщагъэпскІ пэшхэри зыхуейм псомкІи къызэрагъэпэщащ. Япэм абыхэм спортсмен 80-т къагъакІуэр, иджы 300-м нэсым ядэІэжьэфынущ, Іэмэпсымэкіэ зыхуей хуэзащІ.

КІуэкІуэ Юрий спортсмен щІэныгъэмрэ зыщІегъэужьыным телэжьащ. «Мы Іуэхущ Іапэм щІэныгъэ зэхъхьэхэр щекІуэкІынущ, мыбы щІалэгъуалэр щеплъыфынущ фильмхэмрэ спектаклхэмрэ», - пищащ ректорым.

ФЫРЭ Анфисэ

● 2017 гъэр къоблагъэ

Геккиев Заур: «Дэтхэнэ зыми зэхъуэкІыныгъэфІхэр зыхищІэнущ»

«Урысей зэкъуэт» фракцэм илэжьам щриплъэжа, дызытехьэ 2017 гъэм теуХуауэ ягъэбелджыла лэжьыгъэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ дыгъэгъазэм и 20-м Къэрал Думэм щекІуэкІащ.

ИЛЪЭСИЩЫМ и бюджетыр зэраубзыхуамрэ бжьыхьэ лэжьэгъуэ пІалъэм фракцэм хуэзэфІэкІамрэ щытепсэлъыхьа зэІущІэм хэтащ КъБР-м къыбгъэдэкІыу Къэрал Думэм щыІэ, Дунейпсо Іуэхуэхмкіэ комитетым хэт, депутат **Геккиев Заур**.

- Япэ мазищ лэжьэгъуэм къриубыдзу Думэм и зэхуэсыщІэм куэд дыдэ зэфІихащ. «Урысей зэкъуэтым» и щхьэгъусэгъэ щыІэ къыщыізэрагъэпэща еблэгъапІэхэм щыхуэхэр къеІуэлІну Іэмал яІэщи, абы Іуэхуэр къащегъэпсынщІэ зи кІыпІэр къигъуэтыну зи кІыпІэм депутатми, - къыхигъэщащ Геккиевым.

Депутатым зэрыжиІамкІэ, «Урысей зэкъуэтымрэ» адрей партхэм я фракцэу Думэм хэтхэмрэ тэмэму зэрыздэлажьэм и фІыгъэкІэ, къэралым 2017 - 2019 гъэхэм иІну бюджетыр и чэзум къащтащ.

«ЩыхуэкІ я псэуэгъэ зэрыщІэнущ, - къыхигъэбелджылыкІащ Геккиев Заур.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди ныбжьэгъуфІхэ!

2017 гъэм и яп илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну «Адыгэ псалъэ» газетым Іэ щІэдзэн Іуэхур и кІэм ноблагъэ. Ди щІэджыкІакІуэхэм иджыри Іэмал фиІэщ дыгъэгъазэм и 29 пщІондэ ди газетым Іэ щІэвдзыну. А Іуэхутхьэбзэр къыщыфхуащІэнущ республикэм и дэтхэнэ пощт Іуэхущ Іапэми.

Республикэм ди анэдэлъхубзэмкІэ къыщыдэкІ газет закъуэм Іэ тевдзэн Іэмалыр зыІэщІэвмыгъэкІ.

«Адыгэ псалъэ» газетым мазищым ди 655-рэ кІэпІейкІэ 98-рэ и уасэщ.

Ди индексыр 51531

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и къегъэлакІуэ» щІэ лъапІэр яфІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЦІыхуэхэмрэ щІыналъэхэмрэ къыззрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхьымэным куэд зэрыхащІыхьам, гуэзвэгъуэхэм цІыхуэхэр ящыхьымэныкІэ Іуэхуэхэр къызэрагъэпэщым икІи илъэс куэд ІыандэрэІ хьэлэу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и къегъэлакІуэ» щІэ лъапІэр яфІэщын

Гулиев Мухьэммэт Хьусейн и къуэм - «Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ къызыхьуакІуэ-къегъэлакІуэ отряд» федеральнэ къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іанэм и къудамэм - Урысейм и МЧС-м Іуащхьэмахуэ щыІэ и къэлъыхуакІуэ-къегъэлакІуэ отрядым и «Налшык» къэлъыхуакІуэ-къегъэлакІуэ Іэнатіэм и унафэщІым

ДыщэкІ Артур Аниуар и къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ мафІэсым ебэн федеральнэ къулыкъущІапІэм и япэ отряд» федеральнэ къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іанэм мафІэсхэм япэІэтащхьэ икІи щыхуэхэр къезыГъэл и Іэнатіэ № 11-м и и къудамэм и унафэщІым

Козырев Алексей Виктор и къуэм - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и Іуэхуэхмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхуа гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэззкІуэжьнымкІэ и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къэлъыхуакІуэ-къегъэлакІуэ отрядым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м
№159-УГ

Кавказ Ищхъэрэм и журналистхэм я къалэн гугъухэр

● Псыхуабэ щекIэкIа зэхьхьэ

Кавказ Ищхъэрэм и журналистхэм я IV зэхьыхьэ дыгъэгъазэм и 8-9-кIэм Псыхуабэ щекIэкIащ. Ар къыдэзыгъэпэщащ Иджырей Кавказ политикэмкIэ центрым, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIэу КИФЩIи-м щыIэм и аппаратым, Ставрополь краим и Правительствэм, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» Iэхъущ IанIэр я дэIепкъуагъэуу.

ХАБЗЭ зэрыхъыкIуа, Псыхуабэ дэт «Интурист» хьэщIэщращ форумыр щрагъэкIуэкIар. Абы и пэ кIэтым КИФЩIи-м хыхьэ республикэхэм я деж къыщыдэкI газетхэр, журналхэр зыхуэдэм щыгъуазэ зыщыхуэпщIыфын гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр къыщыззрагъэпэщат, а Iэнатlэм я деж щигъуэта зыужьыныгъэр, щIэщыгъуагъыу халъхьар нэIурыт щащIыкIт. Абыхэм уеплъа иужь, наIуэ хъурт ди хэгъуэгум и журналистизэр зыужьыныгъэм зэрыхуэкIуэр, а Iэнатlэм пэрытхэм я Iэщlагъэр фIыуэ зэралъагъур.

Форумыр къыщыдзэIуахым къэрал властымрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмрэ техуэа псалъэмакъ ирагъэкIуэкIащ. Абы япэу къыщыпсэльар УФ-м и полномочнэ лIыкIэу КИФЩIи-м щыIэм и къуэдзэ **Ведерников Михаилщ**. И фIэхъусыр яриха нэужь, зэIущIэр къызэрэпэщыныкIэ сыт щыгъуи сэбэн къахуэхъу Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимиррэ зэхьыхьэм и мыхьэнэр къыгурыIуэу къаззэрыхуебгъэмкIэ Ингуш Республикэм и Iэтащхьэ Евкуров Юнус-Бэчрэ абы фIыщIэ яхуищIащ.

- Псом нэхърэ нэхъыщхьэр хэгъуэгум и журналистхэр зэрызэрыцIыхурщ, я зэпыщIэныгъэхэр нэхъыбэ зэрыхъурщ. Аизэр, щэч хэмылъу, я Iэщlагъэм и щэхукIи, и IэмалкIи зэдзэгуэшэнущ, апхуэдэ щыкIэкIэ я Iэжьыгъэр нэхъ къызэгъэпэща хьунущ. Ятlэ дыдэ форумым властымрэ журналистхэмрэ зэгурыIуэу едгъэсэн мурад диIамэ, иджырейм и къалэн нэхъыщхьар езы журналистхэм я зэпыщIэныгъэращ. Сыхуэеящ ди журналистхэм Кавказ Ищхъэрэм къыщыхъу Iуэхуфlхэм нэхъыбэу гулыитэ хуащIыну, абыхэм тетхыхьыну. Ди щыналъэм зыгъэпсэхуакIуэ къаклIуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхуэри зи фIыгъэр журналистхэращ, ауэ иджыпсу къыгурыIуэу къ

●Дунейпсо Адыгэ Хасэ

ФІыгъуэшхуэщ лъэпкъхэр зэгурыІуэныр

Дыгъэгъазэм и 17-м Налшык щыІэхэтащ "Лъэпкъ, щэнхабзэ зэхущытыкІэхэр ефІэкІуэн папщІэ жылагъуэ зэгуръныгъэхэм я мыхьэнэр" щІэныгъэ-практикэ конференцыр, Ар къыдэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІи и къудамэм и Іэтащхьэ **Къуэжей Артём**, КъБР-м Граждан жылагъуэ Іэхъущ Іапіэхэм ящэлэжьэныжьхэм лъэпкъ ІэхъухэмкІи и управленэм и унафэщІ **КІурашын Анзор**, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий**, ДАХ-м дэлажьэ Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ **Мэшбащ Іэ Исхьэкъ**, ДАХ-м и Советым хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, "Адыгэ псалъэ" газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыцэ Мухьэмэд**, щІэныгъэлІхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, студентхэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэр.

Ялэу къэпсэльа Сэхъурокъуэ Хьэутий къыдэхуэсахэм я пащхьэ ирилъхьащ лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэр егъэфІакІуэныкмкІэ, щІыналъэм мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ илъыныкмкІэ къэрал унафэщІхэр, жылагъуэдин, щІэныгъэ, егъэджэныгъэ Іэнатіэхэр зэдэлэжьэнын мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

- Лъэпкъхэмрэ абыхэм я щэнхабзэмрэ я зэхущытыкІэм иужьрей зэманым куэд топсэльыхь, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абыхэм я зэбгъэдэтыкІэм куэдкІэ ещхьыткІащ ди жылагъуэм и къэкІуэныкмрэ ди Хэкум и зыужьныгъэмрэ, - жиІащ Сэхъурокъуэм. - Зи гугъу тщІы Іуэхур гъэкІуэтэныкмкІэ къэралымрэ жылагъуэмрэ я зэфІэкІхэр зэщІагъэуІуэн папщІэ щІалхъхэр наІуэу къыщыгъэзэгъащ Къэрал лъэпкъ политикэм епхаяу 2025 гъэ пщІондэ зэфІахыну яубзыхуам, Кавказ Ищхьэрэ федералнэ щІыналъэм 2025 гъэ пщІондэ социально-экономикэ зыужьныгъэу игъуэтын хуейм.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ лъэпкъ зэхущытыкІэхэр нэхъри ефІэкІуэн папщІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр, дэтхэнэми и лъэпкъ щэнхабзэ центрхэр зэрыщІэу зэрызэздзлажьэлапхъэр.

- Ди республикэм ижь-ижьыж лъандэрэ илъщ апхуэдэ хабзэ - зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэдзэлажьэкІэрэ лъэпкъхэр зэпэблагъэ зэхуащІу, - кІэпищащ адэкІэ тхьэмадэм. - Лъэпкъ, дин зэгурымыІуэныгъэ здэщыІэ щІыналъэхэрщ экстремизмэм зыщиубгъури. Зы хьэупсапІэ уиІэу уэзгурыІуэу абы ухуэкІуэмэ, Іэмал имыІэу Іуэхуфі къыпхэкІуэнуц. Абы щхьэкІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр егупгъун хуейщ щІалэгъуалэм я псэкупсэ, хэкупсэ гъэсэныгъэм хуэгъэпса Іуэхуэхр пхыгъэкІыным, радикальнэ гупсысэхэм жылагъуэр зыщІемыгъэщтэным хуэунэтІа лэжьыгъэ егъэкІуэкІыным, нэгъуэщІхэмк.

Лъэпкъ, щэнхабзэ зэхущытыкІэхэр ефІэкІуэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щеклуэкІ лэжьыгъэ пыухыкІахэм тепсэльыхьащ КъБР-м Граждан жылагъуэ Іэхъущ Іапіэхэм ядэлэжьэныкмрэ лъэпкъ ІэхъухэмкІэ и управленэм и унафэщІ КІурашын Анзор.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым и унафэщІ, къэрал унафэщІ, щІэныгъэ я доктор, профессор **Дзэмыхь Къасболэт** и къэпсэльэныгъэр триухуащ Кавказ Ищхьэрэм цивилизацэ лъэхъэнэм зэрызиужьам, илъэсищэкІэ (1917 - 2017) ефІэкІуэн зэдзлажьэныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ. Лъэпкъхэм я зэхущытыкІэр ефІэкІуэн, щІалэгъуалэр зэгурыІуэн папщІэ КъБКъУ-м и Іуэху бгъэдыхьэкІэмрэ абы щеклуэкІ лэжьыгъэмрэщ университетым и пророктор, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат **Къэжэр Артур** зытепсэльыхьар. ЩІалэгъуалэм лъэпкъ зэхэгъэжь ямыІэн папщІэ сэбэн хъу Іуэхугъуэхэм къытеувыІащ Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль гъуэгу колледжым и унафэщІым и кІуэдзэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат **Мыкъуэжь Арсен**.

Ставрополь щыІэ Адыгэ щэнхабзэ центрым и тхьэмадэ **Шыбзыхъуэ Юрэ** и гугъу ищІащ фейдэ къеГъэщІыным пымыщІа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я кІалэн нэхъыщхьэмрэ езыр зи унафэщІ гупым и лэжьыгъэмрэ.

- Ставрополь дэт щэнхабзэ центрыр 2005 гъэм къызэрагъэпэщащ щытащ абы дэс адыгэхэр зэрыныгъэныкмкІэ, ерджакІуэ кІуа щІалэгъуалэр зэщІэгъэуІэныкмкІэ, бзэр, щэнхабзэр, хабзэр яІэщІэмыхуныкмкІэ сэбэн хъун папщІэ, - пищащ Юрэ. - Апхуэдэ Іуэхуэхр и гъуэзэу центрыр крайм къыщыізрагъэпэщ махуэшхуэхэм, зэІуащІэхэм, конференцэхэм хэтщ. Ди центрыр хагъэхьащ "Ставропольем ис лъэпкъхэр Кавказым и мамырыгъэм и телъхьащ" зэгухьэныгъэм. Ар икъукІэ хъарзынэщ лъэпкъхэм кІалъыкъуэкІ зэгурымыІуэныгъэхэр гьэзэкІуэжыныкмкІэ, центрхэм я Іуэху дэгъэкІыныкмкІэ, лъэпкъ зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэныкмкІэ. КищынэмыщІауэ, лъэпкъ зэгухьэныгъэ псоми лэжьапІэ пэш Ставрополь дэт Зэныбжьэгъугъэм и унэм щыдиІэщ. Абы ди щІалэгъуалэр щызэхуос, щызэпсалъэ, Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщызыдогъэпэщ. Псом хуэмыдэу дэ дадолажьэ ефІэкІэ нэхъыщхьэхэм, адыгэ зэрыс республикищым къикІа студентхэр ди нэІэ щІэтщ, еджэныкмкІи дадоІэпыкъуэ, лъэпощхьэпо ирихьэлІэмэ, сэбэп дахуохъу.

Шыбзыхъуэм къыхигъэщащ лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къэрал къупльыкъущІапІэхэм ядэлажьэмэ, нэхъыбэ зэраІэкІыр, я центрыр Ставрополь крайм и унафэщІхэм я нэІэ щІэту къызэрекІуэкІыр.

Лъэпкъ зэхущытыкІэхэр хуэным анэдэлъхубэзм щигъэзащІэ мыхьэнэр къыхэщу къэпсэльащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм Лъэпкъыбзэхэмкіэ и къудамэм и унафэщІ **Табыщ Мурат**. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яІэ мыхьэнэмрэ лъэпкъ зэгурыІуэныгъэр ухуэн зэрыхуеймрэ купщІафІэу тепсэльыхьащ Осетие Ищхьэрэ-Аланием и Мэздзэгу районым щыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дербит (Мудар) Валерий**. Апхуэдэу я Іуэху еплъыкІэхэр къагъэльэгъуащ Адыгэ, Шэрджэс, Щапсыгъэ Хасэхэм я тхьэмадэхэу **ЛІымыщокъуэ Рэмэзан**, **Аслъэн Алий**, **КІэкІыхъу Мэжид** сымэ.

ЗэлуІэм хэтахэм къыхальхьа Іуэхуэхэр щызэхуэхьэса резолюцэ кьащтащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Дзу Гъумар Кашиф и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм, КъБР-м и Суд Іэнатіэм я лэжьакІуэхэм гущІыхьэ яІыхъуащ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и судыщІэу щыта, щІыхь зыпльтэ отставкэм щыІэ судыщІэ Дзу Гъумар Кашиф и къуэр и ныбжьыр илъэс 79-нэм иту 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м дунейм зэрехьыжар.

Дзу Гъумар 1969 гъэм и щІышылэ маззм щегъэжьауэ 1988 гъэм и жэпуэгъуэ маззм нэсыху Шэджэм район прокуратурэм, Налшык къалэм и прокуратурэм я следователу щытащ икІи а Іэнатіэхэр уголовнэ Іуэхухэр зэхэгъэкІынымкІэ щапхъэ игъэлъагъуэу ирихьэкІащ.

КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкіэ Дзу Гъумар 1988 гъэм и щэкІуэгъуэ маззм КъБАССР-м и Суд Нэхъыщхьэм хахащ.

Судыщ Іэм и къулыкъум ар емызэщыжу, пэжыгъэ хэлъу, ерыщу бгъэдэтащ. И лэжьакІэкІэ, цІыхугъэкІэ абы Іэщ Іагъэлі ныбжьыщ Іэхэм щапхъэ яригъэлъагъурт, сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъурт.

2000 гъэм и дыгъэгъазэ маззм Дзу Гъумар «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр кратащ.

2000 гъэм накъыгъэм и 13-м ар щІыхь зыпльтэ отставкэм кІуащ. Ауэ абы и ужькІи КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм пыщІауэ, щІэуэ законодательствэм халъхьэхэм щыгъуазэ зищІу, апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр къызэрыщыхъур Іэнатіэм пэрытхэм яхуиІуатэу екІуэкІащ.

Дзу Гъумар судыщІэм и статус лъагэм хуэфащэу, хабзэм хуэлажьэныкмкІэ щапхъэу къекІуэкІащ.

Дзу Гъумар дэ куэдрэ фІыкІэ дигу илъынщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэр, КъБР-м и суд Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр.

Гиляхов Михаил Исхьэкъ и къуэр

И ныбжьыр илъэс 77-нэм иту дунейм ехыжащ Гиляхов Михаил Исхьэкъ и къуэр.

Гиляхов Михаил Белэ Речкэ хуэжакІэ 1940 гъэм къыщалъхуащ. Прималкэ гъавэ совхозым и механикыу 1960 гъэм лэжьэн щІидзащ. БыкІэлъпыкІуэ илъэсхэм «Мэкъумэш техникэ» республикэ зэгухьэныгъэм къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щрихьэкІащ. КПСС-м и обкомым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и къудамэм и унафэщІу лэжьащ. 1988 гъэм КъБАССР-м мэз хозяйствэмкІэ и министерствэм я ягъэуващ. КъБР-м Мэз хозяйствэмкІэ и министерствэр зэрызэхуащІыжам и КъБР-м Мэзымкіэ и къэрал комитет къызэрызэІуахым къыхэкІыу 1993 гъэм а комитетым и унафэщІу ягъэуващ. А Іуэхущ Іапіэм и Іэтащхьэм и къуэдзэм и къулыкъум къыІукІри Гиляхов Михаил Исхьэкъ 2003 гъэм пенсэм кІуащ.

Хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ абы 1990 гъэм КъБАССР-м Мэз хозяйствэмкІэ и министерствэм и фІыщІэ тхылъ, РСФСР-м Мэз хозяйствэмкІэ и министерствэм и ЩІыхь тхылъ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъ кратащ.

Гиляхов Михаил Исхьэкъ и къуэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмэкІэ и министерствэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІыуэпсым и хьуГуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэ.

●ЩІэблэ

Узыншагъэр нэхъапэщ

Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ «Лэгъупыкъу Іуэхущ Іапіэм иджыблагъэ зыщагъэпсэхуащ Дзэлыкъуэ щІыналъэм и курыт школхэм я еджакІуэ 33-м. Абы хиубыдащ Каменномост и курыт еджапІэ №1-м щыщу сабий 18. Сэрмакъ дэт МКОУ СОШ №3-м щыщу-13, Дзэлыкъуэкъуажэ и курыт школ №1-м щеджэхэу - 2.

«ЛЭГЪУПЫКЪУМ» мы гъэм ягъэкІуахэр бынунагъэшхуэхэмрэ хуэмыщІауэ псэуэкІмрэ я сабийхэрщ. ЩІыкІуэр абы зэрыщыІа махуэ 21-м я кІуиубыдэу я узыншагъэр нэсу къапщытащ, санаторэ-медицинэ и лъэныкъуэкІэ хуэщІапхъэ къагъэнакъым: псыхущхьэу зэрыт псыгуэнхэм зыщагъэпскІащ, псантхэу узыфэхэмкІэ сэбэп гимнастикэ ирагъэщІащ.

«Лэгъупыкъум» щэ бжыгъэкІэ цІыкІухэм зыщагъэпсэху. Абы къагъакІуэ Шэщэным, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Ингуш республикэхэм я сабийхэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Футбол

Топитхур мардэ?

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым хэт командэхэм зэхьэзэхуэм и Іыхьэ щанэр къызэранэкІащ. Абы щыгъуэми зи чэзу етхуанэ джэгуГуэм турнир таблицэм и щхьэми и лъабжьэми зэхъуэкІыныгъэ иритакъым.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ бжьыпэр зэрыщаІыгъщ я хьэрхуэрэгъу псори иджыри къэс хэзыгъэщІа Налшык и «Звезда»-м, «Школ №31-РусГидро»-м, «Къэхъуным». ЩІэбэт кІуамрэ тхьэмахуэмри абыхэм зи чэзу текІуэныгъэхэр тыншу зыІэрагъэхьащ. «Звезда»-мрэ «Школ №31-РусГидро»-мрэ бжьыгъэ зэщхькІэ - 4:1-уэ - ефІэкІащ «ГорИс-Кавказкабель»-мрэ «Мурбек»-мрэ. «Къэхъуным» «Ансар»-р хигъэщІащ.

Турнир таблицэм и кІэух увыпІэм къыщыхутахэми загъэхъеякъым. Псом хуэмыдэжу и Іуэхуэр хэпльэгъуэщ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м. Ещанэу зэкІэлъхьэжьэу топиткуу зэуэ я гъуэм къыхудагъэкІри абы аргуэру фІахьэхуащ. Хэт ищІэн, илъэсыщІэм и Іуэхуэхэр ефІэкІуэжынкІэ хъунщ.

Иджыпсту наІуэ хуэдэщ ди республикэм щІымахуэ чемпионыщІэ футболымкІэ зэриІэнур. ФІэщащІыгъуейщ Налшык и «Мурбек»-м ар хуэхъуэмэну, япэ джэгуГуитхум ящыщу щыр зэрыфІахьар къэпльытэмэ.

АдэкІэ щыгъуаззэ фІыуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым щызэхэта етхуанэ джэгуГуэм кІэрикІуа бжьыгъэхэм: **«Кълъкъужын-Тэрч»** (Къулъкъужын) - **«Спарта»** (Налшык) - **2:3**, **«Спартак»** (Налшык) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:1**, **«Звезда»** (Налшык) - **«ГорИс-179 Кавказкабель»** (Прохладнэ) - **4:1**, **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **2:1**, **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **«Ансар»** (Налшык) - **2:0**, **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **5:1**, **«Мурбек»** (Налшык) - **«Школ №31-РусГидро»** (Налшык) -**1:4**.

«Спартак-Налшык-2000» (Налшык) - **«Спартак-Налшык-Д»** (Налшык) зэІущІэр нэхъ иужьыІуэкІэ щыІэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2016/2017 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Звезда»	5	5	0	0	17-5	15
2. «Школ №31-РусГидро»	5	5	0	0	13-3	15
3. «Къэхъун»	5	5	0	0	8-1	15
4. «Спартак-Налшык-Д»	4	3	1	0	8-2	10
5. «Спарта»	5	3	0	2	13-10	9
6. «Союз-Сэрмакъ»	5	2	1	2	10-8	7
7. «Велес»	5	2	1	2	9-6	7
8. «Автозапчасть»	5	2	1	2	6-8	7
9. «Къулъкъужын-Тэрч»	5	2	0	3	9-8	6
10.«Мурбек»	5	2	0	3	6-9	6
11.«Ансар»	5	2	0	3	4-9	6
12.«Спартак»	5	1	0	4	6-10	3
13.«Шагъдий»	5	1	0	4	6-11	3
14. «ГорИс-Кавказкабель»	5	0	2	3	5-12	2
15.«Спартак-Налшык-2000»	4	0	1	3	3-7	1
16.«ЛогоВАЗ»	5	0	1	4	7-21	1

●Фысакъ

ИлъэсыщІэ: мафІэс къремыхъу!

ИлъэсыщІэ зыгъэсэхуГуэ махуэхэм мафІэс къэмыхъуным теухуауэ щІыхуэхм ящІапхъэхэм топсэльыхь КъБР-м и ГПС-м мафІэс-профилактикэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкмкІэ и управленэм и унафэщІ Такъ Анзор:

- Псом япэрауэ, Іуэхущ Іапіэм и унафэщІхэм я цІыкІэ сехъуэхъуну сыхуейщ ди республикэм щыпсэуэхэм ИлъэсыщІэр угъурлы фхуэхъуну!

Ягу къэзгъэкІыжынут псейхэр щагъэзыжькІэ, пиротехникэ Іэмэпсымэхэр къыщагъэсэбэпкІэ мафІэсым зыщаХуэмэным теухуауэ къызэрымыкІуэу сакъыну, псоми фІыуэ яльэгъу Уае Дадэм и пІэкІэ мафэсгъэункІыфІэр я унэм къэмыкІуэн папщІэ.

- ИлъэсыщІэр щагъэльапІэкІэ къэхъу мафІэсхэр сыт нэхъыбэу къызыхэкІыр?

- Пиротехникэ хьэпшыпхэр сакъуу къызэрамыгъэсэбэпым, илъэсыщІэ псейхэр щагъэувкІэ мафІэсым зыщыхъумэнымкІэ хабзэр зэрамигъэзащІэм. Хэхауэ нэхъ дызыгъэпІейтейщ пиротехникэ хьэпшыпхэр зыхуэдэр ямыщІэу зыщэхэмрэ ахэр къэзыщэхухэмрэ шынагъуэншагъэм зэремыгупсысах. Аращ къызэхэкІыр сабийхэм фэбжь ягъуэтыныр. Бжьыгъэхэм къызэрагъэпъагъуэщи, пиротехникэ хьэпшыпхэр къыщагъэсэбэпкІэ хабзэр уэим зэращІым и зэранкІэ, илъэс къэс мафІэсу пщІым щІигъу къохъу, абыхэм сом минищ бжьигъэ я уасэ мылъку хокІуадэ.

Араща, бенгал мафІэхэр, пертардэхэр, салютхэр, фейерверкхэр, шынагъуэ зыпльтэ нэгъэщІ къэпшыпхэр сабийхэм я закъуэ ящагъэсэбэпынкІэ Іэмал иІэкъым. Куэдым мардэ яхуэхъуащ къэзынкІэ хуэм хьэпшыпхэм цІыкІухэр езыр-езыру ириджэгуныр, балигъхэм я щхьэ Іуэху зэрахуэхукІэ.

- ИлъэсыщІэ псейр дауэ зэрыгъэувыпхъэр, мафІэс къримыкІуэн хуэдэу?

- Псейм лъабжьэ быдэ иІэн хуейщ, къэзыгъэхуабэ Іэмэпсымэхэм пэІэщІэу, и къудамэхэр блыным, унащхьэм нэмысу. Псейр псынщІау къэлыд хьэпшыпхэмкІэ бгъэщІэращІэ, и лъабжьэр бжьэхуцкІэ къэбгъэтІылъыхь хъунукъым. Электрогирляндэхэр зыщІыну хуит заводым къыщыщІагъэкІауэ, электросетыр зыхуэфащэ ІэмэпсымэхэмкІэ хъумаэу щытыпхъэщ.

- Сабий садхэмрэ школхэмрэ махуэшхуэ зэхьэзэхэр щынагъуэншэу щекІуэкІыным теухуауэ сыт ящІапхъэр?

- ЕджапІэ Іуэхущ Іапіэхэм ИлъэсыщІэ пшыхьэхэр щрагъэжьэкІыну къезэгъэр ятІуанэ къатым мынэхъ лъагэ пэшхэрщ, зи щхьэгъэжьэхэм гъущІ хъархэр хэмыльъ, щІэкІыпІитІ иІэу. Абы щыгъэуми бжэхэр щІэкІыпІэхэмкІэ щыІупхыу щытын хуейщ. Пэшым фейеверкхэр, шэху уэздыгъэхэр, бенгал мафІэхэр щыщІэбгъэнэныр къезэгъыркъым. Псейр щыгъэува пэшым и щІыхьэпІэми, пэш кІуэщІми зыхуей хуэзэ мафІэсгъэункІыфІ Іэмэпсымэхэр щыгъэувыпхъэщ. Апхуэдэхэр щымыІэмэ, гъунэгъу пэшым псы пэгуни 10 мы нэхъ мащІэ щІэтын хуейщ. Иджыри зэ фигу къэзгъэкІыжынщи, ИлъэсыщІэ пшыхьэхэр щрагъэкІуэкІкІэ, мафІэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынмкІэ жэуапыр пщэрылъ щащІ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІым.

- МафІэс къэхъу хъужыкъуэмэ, сыт щІапхъэр?

- Псом япэу «01» номерымкІэ (стационар телефонымкІэ) е «101», «112» (жып телефонхэмкІэ) мафІэсгъэункІыфІхэр къеджэн, цІыхуэхэр пэшым къыщІагъэкІын хуейщ. Электрогирляндхэр вгъэункІыфІ. МафІэсыр мыинмэ, зэуэ вгъэункІыфІыну щІэвдзэ: псейр лъэгум щывгъэтІылъ, щэкІ Іув тефпхъуи, псы тефкІэ е пшахъуэ тефкІутэ. Синтетикэр щисКІэ мэтІкІыри зэбгрож. Ар щисКІэ псы лъэІэсмэ, ткІуахэр къэкъуэлъэнкІэ, мафІэсыр зэщІигъэстынкІэ мэхъу. КьищынэмыщІауэ, полимерхэм щхъуэ яхэлъщи, мафІэсым зэман кІэщІым фыпэмылъэщамэ, псынщІэу пэшым фыкъыщІэкІ.

Республикэм щыпсэухэми абы и хьэщІэхэми ИлъэсыщІэ пшыхьэхэр гукъыдэжрэ дэрэжгъуэкІэ гъэнщІауэ ирагъэкІуэкІыну дохъуэхъу. Абы щхьэкІэ зыщ узыхуейр: мафІэс къэмыхъуным сыт и Іуэныкъуэкіи зыхуэзгъэхьэзырынырщ.

Епсэльар
КъБР-м МафІэсым пэщІэтыныкІэ и хъэрал къулыкъум и пресс-Іуэхущ Іапіэм и ІэщІагъэлІ пэрыт
СЭБАН Арсенщ.

Дыгъужь Сарэ *(Гран-при саугъэтыр зыхуагъэфэщар)*

ЛІыгуащІэ Радимэ *(Ямэ адыгэ пщащэ)*

● Адыгэ пщащэ-2016

Уэращ, дахащэ, лъэпкъым и псэр

«Адыгэ пщащэ-2016» республикэ зэпеуэр мы гъэм ещанэу Кэнжэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм щекІуэкІащ. Ар къыІэрагъэпэщащ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, Налшык къалэ администрацэм Щэнхабзэмкіэ и къудамэм, Кэнжэ Щэнхабзэмкіэ и унэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм.

МЫ ГЪЭМ абы хэтащ ди щІыналъэм и районхэм къикІа хъыджэбзий. Пщащэхэр дахэт, ауэ ар мащІэщ мыпхуэдэ зэпеуэм уцытекІуэн папщІэ: уэзрыакъылыфІэр, уэзрыжьакІуэр, анэдэлъхубзэр зэрыбгъэшэрыуэр, Іуэхум уэзрыхуэзэкІуэлъакІуэр, хабзэм зэрыхэпщІыкІыр, нэгъуэщІхэри къэбгъэлъэгъуэн хуейт.

Абыхэм я зэфІэкІыр къэзыпщытэну гупым хэтт «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и унафэщІ **ІуТІыж Мэжид**, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и балетмейстр нэхъыщхъэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэм и къудзэ, КъБР-м и цІыхубз артист **Битокъу Аслъэнбэч**, гъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и егъэджакІуэ, режиссёр, сценарист, Адыгэ Республикэм Гъуазджэхэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ЕмкІуж Анзор**, Москва и Правительствэм хьэрычэтыщІэхэр щагъэхьэзыр и академием и доцент, пщафІэ Іэзэ **Бжьдыгъу Оксанэ**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент, «Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и къудамэм и унафэщІ **Нэщ1эпыджэ Замирэ**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и уэрэджыІакІуэ **Хьэкъул Оксанэ**, Кэнжэ дэт сабий сад №20-м и етІуанэ къудамэм и унафэщІ, дэрбэзр Іэзэ, лъэпкъ фестиваль зыбжанэм я лауреат **Балэ Марьянэ**, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и актёр **КъанкъулИслъам**, «Адыгэ пщащэ-2014» зэпеуэм «Гран - при» саугъэтыр къыщІызыхьа **Сейн Аидэ** сымэ. Къэпщытакіуэ гупым и унафэщІт Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхъэ **ХьэфыщІэ Мухьэмэд**.

Зэпеуэр езыгъэкІуэкІар **Къуэныкъуей Залинэрэ Мамий Аслъэнрэщ**. Іуэхугъуэхкіэ зэпеуа хъыджэбзхэм псом япэу къыІэхуэсахэм зыкърагъэцІыхуащ. Пщащэхэм жаІащ къызыхэкІа унагъуэр, лъэпкъыр, зыщыщ къуажэр, щеджэр, дзэзыхьхыр, гъащІэм хуаІэ еплъыкІэмрэ я мурадхэмрэ. А псори видео теплъэгъуэхэмрэ сурэтхэмкІэ экраным къыщагъэпсыгъуэри, утыкум ит пщащэм и дуней тетыкІэм зыщыбгъэгъуэзэнымкІэ Іэмал хъарэнэт.

Къэпщытакіуэ гупым хэсхэмрэ къыІэхуэсахэмрэ пщащэхэр нэхъ къацІыхун мурадкІэ, пэшым щІэсхэм упщІэ тІурытІ абыхэм хуагъэхьэзырат. Хъыджэбзхэр хъарэнэу пэлъэщащ а упщІэхэм, адыгэбзэм зэрыуэзшэрыуэхэмрэ зэрыакъылыфІэхэмрэ къагъэлъагъуэу. КъыкІэлъыкІуэ зэпеуэр адыгэ шхыныгъуэхэм я пщэфыкІэмрэ я сэбэпынагъымрэри, дэтхэнэми балл нэхъыбэр хузбгъэув хъуну пщэфащ, Къэпщытакіуэхэм я пащхьэ кърагъэува ерыскъыхэр зэрагъэхьэзыра щІыкІэр видеокІэ къагъэлъагъуэурэ тепсэлъыхьащ. ТхьэмащІыгъуныбэ, матэ хъуейрэ хьэлывэрэ, хьэлыуэ, нартыху лэкъумрэ къуейжьапхъэрэ, джэш лыбжьэ, жэмыкуэ, щІакъуэзэтеупІэщІыкІ, джэд лыбжьэрэ пІастэрэ япщэфІати, адыгэ Іэнэм и берычэтагьымрэ ерыскъым и къуэутымрэ наІуэ къащІыт.

«Щэнхабзэм и Іьахэм» щагъэлъэгъуащ я къэфэкІэр, уэрэджыІэкІэр, усэ къеджэкІэр, пшынэ еуэкІэр. УсакІуэ куэдым я гурыщІэр усэбзэкІэ зыхуаІуэта, хамэ щІыпІэхэм щыщу Кавказым зыпІъыхьакІуэ щыІахэм псалъэ дахэ куэд зыхуатхыжа ди хъыджэбзхэм я дахагъэри гуакІуагъэри къыщагъэлъэгъуар етхуанэ тепІъэгъуэрщ - «Адыгэ пщащэм и пшыхь фащэрщ». Лъэпкъ тхьипхъэщІыпхъэхэмкІэ гъэщІэрэщІа бостей дахэхэр ящыгъыу утыку къихьащ зэпеуэм хэтхэр, дыжьын бгырыпхэр ящІэлъэр я фащэм хуэфэщэну щыкІафІэу зекІуэу. Адыгэ хъыджэбзым и Іэпкълъэпкъыр фащэм зэригъэдахэр, абы лъэпкъым хуэфащэ цІыхуу фэ къыхэрытригъауэр умылъагъункІэ Іэмал иІэтэкъым.

Зэпеуэм и кІэухым хъыджэбзхэр дахэу хъуахъуэри, абыхэм я гъусэ щІалэхэм махъсымэбжьэр нэхъыжьхэм ираташ.

А псоми гупсэхуу кІэлъыплъа жюрим и къалэныр тынштэкъым, ауэ зэпеуэ щыхъуакІэ, увыпІэхэр ягуэшын хуейти, щхьэж къигъэлъэгъуахэр зэпалъытыжри, мыр кърикІуащ:

Гран-при - **Дыгъужь Сарэ** *(Иорданием къикІыжауэ Налшык щопсэу, щоджэ);*

Ямэ адыгэ пщащэ - **ЛІыгуащІэ Радимэ** *(Дыгулыбгъуей);*

ЕтІуанэ адыгэ пщащэ - **Къумахуэ Элинэ** *(Пэскэн ЕтІуанэ);*

Ещанэ адыгэ пщащэ - **Шыдакъ Роксанэ** *(Инаркъуей);*

Къафэм и гуащэ хъуащ **Шэру Анжелэ** *(Къармэхьеблэ);*

Пщащэ акъыл жану къыщІэкІащ **Мэлей Іэминэ** *(Сэрмакъ);*

Пщащэ щІыкІафІэу къалъытащ **Мамхэгъ Миланэ** *(Шэджэм Езанэ);*

ПщафІэ Іэзэу къыхахащ **КІэщт Альбинэ** *(Кэнжэ).*

Гран-при къэзыхьамрэ ямэ увыпІищыр зыхуагъэфэщахэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ЩІыхь тхылъэр саугъэтхэмрэ ираташ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфыщІэ Мухьэмэд пщащэхэм ехъуэхъури, КъАХ-м кІыбгъэдэкІ щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмкІэ яхуэупсащ. Налшык къалэ администрацэм и щІыхь тхылъхэмкІи ягъэгуфІащ зэпеуэм хэтахэр. Апхуэдэуи ямэ увыпІэр зыхуагъэфэщахэм «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и саугъэтхэр яритащ абы унафэщІ ІуТІыж Мэжид.

Зэпеуэр къызэгъэпэщыныкІэ сэбэп хъуащ хьэрычэтыщІэхэу Балэ Аслъэнбий, Мамийхэ Аскэрбийрэ Леонидрэ. Хъыджэбзхэм ахъшэ саугъэтрэ кином и билетхэмкІэ яхуэупсащ «Дея» хьэрычэтыщІэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Щыбзыхъуэ Мухьэмэд, Іэфыкіэхэр яритащ «Жако» Іуэхущ1апІэр зей ЖьэкІэмыхъу Аслъэнбий.

ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ ІуТІыж Мэжидрэ дахэу екІуэкІа зэпеуэр къызэгъэпэщыным зи гуащІэ хэзылъхьахэмрэ абы хэтахэмрэ фІыщІэ хуащІащ, Кэнжэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІ Мамий Заретэрэ абы и къуэдзэ Балэ Людмилэрэ псалъэ гуапэ жраІащ, тыгъэхэри ираташ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.
Сурэтхэр тезыхар **Къарей Элинэщ.**

Мамхэгъ Миланэ

Шэру Анжелэ

Къумахуэ Элинэ *(ЕтІуанэ адыгэ пщащэ)*

Шыдакъ Роксанэ *(Ещанэ адыгэ пщащэ)*

Мэлей Іэминэ

КІэщт Альбинэ

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхъа бжыгъэхэм, къыщ1эта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап ях. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэпэту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня,** *редактору* **Хьэжыкъарэ Алик,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Аэзмэт** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящ1ащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 3.424 ●Заказ №1921